

TIMOUN ak ADILT KI PA KO GEN 65 AN

NJ FamilyCare se yon asirans, pou moun ki rete nan NJ, ki finanse pa leta. Li ofri bon kalite sèvis swen ki swa gratis oswa nan ba pri. Gen nan pwogram NJ FamilyCare la CHIP, Medicaid ak Medicaid pou nouvo pouse demografik.

Kisa ki kouvri?

NJ FamilyCare ofri kouvèti konplè pou swen medikal nan plan medikal leta a chwazi. NJ FamilyCare kouvri pifò nan swenyaj tankou:

- konsiltasyon doktè
- radyografi
- linèt
- sèvis otis
- preskripsyon
- ospitalizasyon
- sèvis pou swen mantal
- sèvis kominotè doula yo
- analiz laboratwa
- swen dan
- konsiltasyon avèk espesyalis
- èd nan bezwen swen pèsonèl

Kilès ki kalifye:

Moun nenpòt laj ki abite NJ epi ki kalifye gendwa kalifye pou for NJ FamilyCare. Sa se tankou timoun, papa ak manman, fanmi ki gaddò, ak adilt ki pa gen timoun depandan. Kalifikasyon baze sou revni ak konbyen moun nan kò kay la ki make sou dokiman taks anyèl moun k ap fè aplikasyon an. Toutfw, NJ FamilyCare gendwa sèvi ak lòt sous, tankou souch chèk pewòl, pou l verifiye enfòmasyon yo. Kalifikasyon sou revni pou timoun pi plis pase kalifikasyon sou revni pou adilt. (Wè tablo a)

Konbyen li koute?

Pou anpil moun, NJ FamilyCare pap koute anyen. Pou fanmi ki gen revni ki pi wo men ki gen pitit yo gen yon echèl pwopòsyonèl ki fèt.

Èske gen okenn restriksyon?

Kondisyon ki deja egziste yo pa afekte admisyon an.

Granmoun yo dwe gen estati rezidan pèmanan legal pou omwen senk an pou yo kalifye. Timoun ak fanm ansent yo, nan kèlkeswa dat yo antre nan peyi Etazini an, kapab kalifye si yo se moun ki gen rezidans legal. Pou ki pa gen papye legal yo, pitit yo ka kalifye si yo gen yon estati imigrasyon oswa yo te fèt nan peyi Etazini yo.

Ki kote m ap jwenn plis ransèyman?

Pou w konnen si w kalifye, osinon pou plis ransèyman, swa rele nan telefòn osinon monte sou sit entènèt nou a.

MAKSIMÒM REVNI MANSYÈL LA depi 1 janvyè 2022

*Konbyen moun nan fanmi a ak montan revni
ki nan taks federal ou yo*

Kantite moun*	Timoun (pa ko alaj 19)	Paran & Adilt selibatè (Alaj 19-64)	Fanm ansent (Nenpòt laj)
1	\$ 4 021	\$ 1 563	Pa genyen
2	\$ 5 417	\$ 2 106	\$ 3 128
3	\$ 6 814	\$ 2 649	\$ 3 935
4	\$ 8 210	\$ 3 192	\$ 4 741
5	\$ 9 606	\$ 3 735	\$ 5 547
6	\$ 11 003	\$ 4 277	\$ 6 354
Chak moun anplis	\$ 1 397	\$ 543	\$ 807

* Kantite moun ki nan fanmi w gendwa detoune nan kantite paran oubyen gadò ki gen nan fanmi a, ak tout pitit parantaj ki pa ko alaj 21 an ki depandan e ou deklare nan taks ou, ansanm ak tout lòt depandan ou deklare nan taks ou e ki rete lakay ou tou.

FÈ APLIKASYON ANLIY! www.njfamilycare.org

1-800-701-0710 (TTY: 711)

(Gen operatè ki pale diferan lang)

NJ FamilyCare obeyi lwa federal konsenan dwa sivil yo e li pa diskrimine nonplis sou ras, koulè po, peyi natif natal, sèks, laj, ak enfimite. Si w pale **kreyòl**, gen yon sèvis tradiksyon disponib san w pa peye anyen pou li. Sonnen 1-800-701-0710 (TTY: 711).